

/1 Izo zakanga ziri'po kubva pakutanga, zatakanza, zatakavona nameso edu, zatakatara, nezatakabata namavoko edu, zeShoko rovupenyu.

Vupenyu bgakaratidza, tikabguvona, tinopupura nokukuparidzirai vupenyu bgusingaperi, bgakanga bguri kunaBaba, bgukaratidza kwa tiri.

Izo zatakavona, nezatakanza, ndizo zatinokuparidzirai vo, kuti nemi vo muyanane nesu; kuyanana kwedu tinako naBaba, noMnganakomana wake Jesu Kristu. Zinhu izi tinokunyorerai, kuti mufaro wedu uzadziswe.

Heyi mharidzo yatakanza kwaari, yatinokuparidzirai vo, kuti Mngari ciedza, hamunerima maari.

Kana ticiti, tinoyanana naye, ticifamba murima, tinoreva nhema, hatiiti zokwadi.

Asi kana ticifamba muciedza, saiye ari paciedza, tinoyanana isu; neropa raje su Kristu, Mnganakomana wake, rinotinatsa pazivi zose.

Kana ticiti, hatinezivi, tinozinyengera, zokwadi haizi matiri.

Kana ticizirevurura zivi zedu, iye wakatendeka wakarurama, nokudaro kuti unotikanganwira zivi zedu, nokutinatsa pakusakarurama kwose.

Kana ticiti, hatina-kutadza, tinomuita murevi wenhemba, neshoko rake harizi matiri.

/2 Vana vangu vaduku, ndinokunyorerai zinhu izi, kuti, murege kutadza; Kana munhu acitadza, tinoMurevereri kunaBaba, iye Jesu Kristu wakarurama.